



Pou Piblikasyon Imedya: 24/09/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**PANDAN SEMÈN KLIMA A, GOUVÈNÈ HOCHUL BAY MIZAJOU SOU PWOJÈ REZISTANS 15 MILYON DOLA A POU RANPLASE ENFRASTRIKTI DLO AK PWOTEJE MIRROR LAKE NAN COUNTRY NORTH**

***Pwojè a pral repare ak ranplase anviwon 2,000 pye lineyè konduit egou sanitè ak dlo anba State Route 86 epi bilding ki egziste ant Main Street ak Mirror Lake***

***DOT investi apeprè \$35 milyon nan amelyorasyon pou wout ak pon North Country yo***

Pandan Semèn Klima a, Gouvènè Kathy Hochul te bay yon mizajou sou pwojè global konstriksyon enfrastrikti dlo 15.6 milyon dola ki ankou nan Lake Placid ak amelyorasyon nan transpò pou wout ak pon Eta a yo nan North Country. Pwojè a gen ladan reparasyon ak ranplasman anviwon 2,000 pye lineyè konduit egou sanitè ak dlo ki sitiye anba State Route 86 epi bilding ki egziste ant Main Street ak Mirror Lake yo pral anpeche devèsman egou ki posib epi redui efè negatif sou kalite dlo ak enpak sou sante piblik nan Mirror Lake. Pati Main Street nan pwojè a prevwa fini nan fen 2022.

Gouvènè a te bay tou yon mizajou tou sou investisman apeprè 35 milyon dola Depatman Transpò (Department of Transportation, DOT) Eta New York la pou fè amelyorasyon enpòtan nan wout ak pon eta vital yo toupre Lake Placid pandan plizyè ane pase yo. Pandan de ane pase yo, DOT te rekipere sipèfisi plis pase 60 kilomèt Route 86, Route 73 ak Route 9N nan Konte Essex nan vwazinaj Lake Placid.

"Eta New York angaje pou konstwi kominote sen ak rezistan isit la nan Vilaj Lake Placid ak atravè North Country, espesyalman pandan Semèn Klima a", **Gouvènè Hochul te deklare.** "N ap ede gouvènman lokal yo jwenn aksè ak resous yo bezwen pou fini pwojè amelyorasyon enfrastrikti dlo enpòtan ki inovatè epi jwenn avantaj anviwònman, sosyal ak ekonomik yo. Pwojè sa a se yon bèl egzanp sou fason gouvènman yo travay pi di ak pi entèlijan lè yo fè patenarya ansanm epi travay pou atenn objektif komen nou tout bay valè."

**Enfrastrikti Dlo Main Street nan Lake Placid**

Anplis travay nan egou yo, Vilaj Plasid pral enstale enfrastrikti vèt pou dlo lapli, sa gen ladan byoretansyon, twotwa ki fèt ak pave pore ak pyebwa lari pou dlo lapli nan kad yon pi gwo Pwojè Rekonstriksyon Main Street. Pratik enfrastrikti vèt sa yo pral kaptire ak filtre debòdman dlo lapli nan zòn pave yo nan Main Street ak basen vèsan sou kote

a ki devlope yon fason dans nan kolin lan, ki aktyèlman sikile dirèkteman ale nan Mirror Lake.

Eleman anplis yo nan pwojè a pral ede rezoud ensifizans kapasite apwovizyonman dlo a sa gen ladan tank estokaj 1.5 milyon galon dlo ak lòt amelyorasyon nan izin tretman dlo a epi revitalize peyizaj lari nan distri komèsyal Vilaj la pandan l ap amelyore sekirite piblik, aksè pou mache ak kalite lavi.

Pati Main Street nan pwojè a prevwa fini nan fen 2022. Pwogrè jiskaprezan yo gen ladan enstalasyon twa cham enfiltrasyon ki pral filtre dlo lapli ak anpeche li ale nan Mirror Lake. Enstalasyon nouvo konduit dlo sou tout Main Street la te fini epi li operasyonèl kounye a. Branchman nan tout restorasyon, magazen ak rezidans yo prèske fini.

Finansman pou pwojè a enkli:

- Sibvansyon Inovasyon Vèt EFC: 6,334,300 dola
- Finansman Bon Mache EFC: 6,246,928 dola
- Sibvansyon DOT: 2,970,000 dola
- Depans Total pou Pwojè Lake Placid: 15,551,228 dola

Atravè Aplikasyon Finansman Konsolide Gouvènè a (Consolidated Funding Application, CFA), Pwogram Sibvansyon Inovasyon Vèt la (Green Innovation Grant Program, GIGP) sipòte pwojè toupatou nan Eta New York ki itilize konsepsyon enfrastrikti dlo lapli inik vèt ak kreye teknoloji vèt dènye kri. Pwogram GIGP a jwenn finansman nan men Fon Renouvlab Eta pou Dlo Pwòp (Clean Water State Revolving Fund) ak Lwa 2017 sou Enfrastrikti Dlo Eta New York la. Nou ka jwenn pwojè GIGP finanse yo soti nan Buffalo rive nan fen Long Island epi soti nan pwojè jaden lapli rive nan "iliminyasyon natirèl" kouran dlo.

GIGP pral bay jiska 20 milyon dola nan sibvansyon konpetitif yo pou pwojè ki amelyore kalite dlo ak redwi efè chanjman klimatik la atravè aplikasyon youn oswa plis nan pratik vèt sa yo: Enfrastrikti dlo lapli vèt, efikasite enèjetik ak efikasite dlo. Depi kreyasyon li nan ane 2009, 255 pwojè, ki vo 202 milyon dola te jwenn finansman. An 2020, 70 pousan pwojè GIGP yo te atribiye ak pwojè ki sèvi kominote Jistis Anviwòmantal yo.

**Komisè Depatman Transpò (Department of Transportation, DOT) a, Marie Therese Dominguez, te deklare,** "Mwen aplodi Gouvènè Hochul pou angajman li pou amelyore sekirite ak ogmantasyon dirabilite Vilaj Lake Placid ak rejyon greater North Country. Investisman k ap fèt yo jodi a pral amelyore konkirans kominote majesty sa a nan pwoteje anviwònman an atravè jesyon dlo ize ak dlo lapli amelyore ansanm ak bay aksè ak pyeton ak siklis yo ki sekirite ak aksesib nan distri komèsyal anba lavil la".

**Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwòmantal (DEC) Eta New York la ak Prezidan Konsèy EFC, Basil Seggos, te deklare,** "Nan apèn yon mwa depi lè li te antre an fonksyon, Gouvènè Hochul te double efò sou angajman New York pou

ranfòse kapasite kominote yo atravè eta a pou pi byen prepare pou sitiyaasyon meteyowolojik grav ak inondasyon ke chanjman klimatik lakòz. Nan fè avanse efò pou redui emisyon gaz a efè sè yo epi investi yon fason estratejik nan enfrastrikti vèt, Gouvènè Hochul ap dirije atravè egzanp. Anons jodi a nan Lake Placid se yon investisman nan lavni kominote sa a epi DEC fyè pou fè patenarya avèk EFC ak vilaj Lake Placid pou fè avanse pwojè sibvansyon inovasyon vèt sa a ki pral pwoteje Mirror Lake apati enfrastrikti vèt ak dirab".

**Vis Prezidan Prensipal ak Prezidan Direktè Jeneral Environmental Facilities Corporation Ian, COO Molly Larkin, te deklare,** "EFC kontan fè patenarya avèk Vilaj Lake Placid pou bay sibvansyon ak finansman bon mache pou sipòte pwojè eksitan sa a. Ou kapab wè konstriksyon an ki pral debouche sou yon peyizaj lari ki bèl ak revitalize men sa ou pa kapab wè a se teknoloji dlo lapli vèt dènye kri a ak nouvo konduit dlo yo anba li ki pral ede etabli baz pou devlopman ekonomik. EFC rete angaje pou administre fon sibvansyon yo ke Gouvènè Hochul libere semèn sa a epi ede otan kominote posib pou voye kout pèl nan tè a pou pwojè enfrastrikti dlo yo a ak EFC remèsye ogmantasyon montan sibvansyon enfrastrikti vèt li ki pral bay solisyon inovatè pou kominote tankou Lake Placid epi mete yo an pozisyon pou kwasans, pwosperite ak rezistans".

### **Pwojè Depatman Transpò**

Travay sou wout DOT a nan vwazinaj Lake Placid gen ladan remontaj nan sipèfisi ki te lajman fini nan apeprè onz kilomèt Route 86 ant Lake Placid ak Saranac Lake; pifò nan travay sa a te fèt lannuit pou minimize enpak sikilasyon yo.

Nan Vil Keene, DOT te refè sifas de pati nan Route 73, yon konektè kle ant Exit 30 Adirondack Northway (Interstate 87) ak Lake Placid. Depatman an te ranplase tou yon ponso ki te deteryore anba Route 73 nan Keene nan ete pase a epi ki toupre fini ranplasman ray gidaj ize yo nan vil Keene ak North Elba sou segman yo nan wout sa a.

DOT te ouvri tou yon nouvo "Pon pou So Eski" sou Route 73 la ki pase anlè Branch Lwès Rivyè AuSable la, konsidere so a eski Olenmpik 1980 an, an 2017; nouvo pon an te ranplase yon pè pon ki gen 85 ane atravè rivyè a. Ant 2015 ak 2017, DOT te ranplase tou sèt pon sou Route 73 nan Vil Keene ki mennen nan Lake Placid.

**Majistra Lak Placid la, Art Devlin, te deklare,** "Anons jodi a se yon etap enpòtan nan pwogrè n ap fè pou efò revitalizasyon nou yo nan Main Street. Nan non Vilaj Lake Placid, mwen vle remèsye tout patnè devlopman ekonomik enkwayab nou yo ki te enplike nan efò sa a pou sipòte pwogrè nan kominote nou an".

**Sipèvizè North Elba a, Jay Rand, te deklare,** "Yon peyizaj lari revitalize ak amelyorasyon nan enfrastrikti yo pral amelyore kalite lavi rezidan ak vizitè yo epi pral gen yon enpak pozitif sou kominote nou an. Nou pa ta ka pi kontan pase sa konsènan lavni".

**Prezidan Konsèy Sipèvizè Konte Essex la, Shaun Gilliland, te deklare,**  
"Enfrastrikti rezistan enpòtan pou delvope anba lavil nou yo. Devlopman sa a pral  
etabli baz yon nouvo fondasyon pou kwasans isit la nan Konte Essex".

###

Lèt nouwèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)